«ШЕХ КХОЬРУШ (ШЕН ДОЗАНАШ ЛАРДЕШ) ВЕРГ ДАЛА (ДУЬНЕНАН А, ЭХАРТАН А) БАЛЕХ ХЬАЛХАВОККХУР ВУ. ДАЛА ЦУННА ДАГАХЬ ДОЦУЧУРА РИЦКЪА А ЛУР ДУ ЦУННА». (ат-ТІалакъ; 2,3)


Газета награждена орденом «За заслуги перед Уммой» – I степени в 2010 году


Медаль «За заслугу перед Чеченской Республикой» 2009 год.

…я считаю что эта газета должна быть 4.05.2004. А.-Х. Кадыров

# Исла'ман зІаьнарш

أشعّة الإسلام

Республиканская религиозно-просветительская газета «Зори Ислама»

Дала бакъо толайойла! Кадыров А.-Х.

Арахеца долийна 1990-чу шеран 6-чу ноябрехь
Выходит с 6-го ноября 1990 года

2016-чу шеран август беттан 4-гІа де
1437-чу шеран зуль-къаIда беттан 1-ра де
4 август 2016 год № 15 (368)

*ТІОМ – АКХАРАЛЛА Ю. ТІАМНА ГЕНА ДОВЛАЛАШ, НАГАХЬ САННА МОСТАГІ ШУЬГАРА ДИН, СИЙ, ДІАДАКХХА ВЕАНА ВАЦАХЬ. ШУН НИЦКЪ – ИЗА ХЬЕКЪАЛ, СОБАР, НИЙСО Ю ШУНА. МОСТАГІЧУЬНГА ЛАЛУР БАЦ И НИЦКЪ, МАЦЦА А ЦКЪА ИЗА ША ЭШНА ХИЛАРНА КЪЕРА ЦА ХИЛЧА ВЕР ВАЦ. ЦХЬАЬННАН А НИЦКЪ КХОЧУР БАЦ ШУН БАКЪДЕРГ ЭШО, НАГАХЬ САННА ШУ ДИНАН НЕКЪА ТІЕРА ДІА ЦА ДОВЛАХЬ.*

*(Кунта-Хьаьжин хьехам)*

## ТІАРИКЪАТ

ЦІенчу безамца дезалаш вайна уллохь а, гонаха а долу даьхни, дийнаташ. Царна нийса а, шен-шен хенахь а Іуналла делаш. Аьттан, уьстагІан, говран, жІаьлин я цициган мотт ма бац вайга бийца, вайна шайн хьашт-дезарш довзийта. Вайна довза деза уьш, дагахь латто деза. Докъар далаза, хи малоза даьхни а дитина ламазна дІахІитта сих ма лолаш. Вайн синош цІена а, синтеме а хила деза ламазана АллахІана хьалха дІахІуьтучу хенахь.

---

Адамечул а лерина хьажа веза дохне. ХІунда аьлча, дохнна ша хІун леладо ма ца хаьа. Керта, хасбеша даьллачу бежанна етта мегар дац, неІалт ала мегар дац, къа деха мегар дац. Иза меллаша кех даккха деза. ХІунда аьлча, стеган ледарло бахьанехь ма даьлла иза керта, беша. Дохнехь Іазап латтор, иза хьийзор доккхачех къа ду. Къилахь ду бехк боцу олхазар, сагалмат, чохь са долу муьлхха а хІума ер. Адамашна зулам деш йоцу са долу массо а хІума мурдаша ларъян еза.

---

Ерриге а ораматаш а ю дийна, са долуш. Хьуьна юккъе воьдуш диг дІалачкъо деза. Хьайна оьшуш долу дитт я сара бен ма хадабе. Хама бан беза массо дечиган, кондаран, некъан тачанан. Уьш дезаш хила веза, шайн дика доттагІий санна. Доккха къа ду стом луш долу дитт хадор, хи йистера, некъа йистера, довхачу дийнахь некъахочунна Іиндаг1 луш долу дитт хадор. Мурдаша массо меттехь синтарш дийгІа деза, уьш Іалашдан деза, кхиъна довллалц.

---

Лекхаволчо кхоьллинчу массо хІуманал деза ду хи. ХІунда аьлча, Дала мел кхоьллина долу са чохь долу а, доцу а хІума АллахІ хесточуьра сецча а хи Иза хесточуьра соцуш дац. Доккха къа ду хи бехдар. Шовдан чохь а, охьадогІучу хи чохь а боьха хІумнаш йитта мегаш дац, шена тІера хатташ охьабохуш лийча мегаш дац. И дархьама хи схьа а эцна шовданна, Іинна гена вала веза. Хи чу нехаш кхийса мегар дац. ЧІогІа оьшуш дацахь, хин татол дІасахьовзон мегар дац, цу чуьра са долу хІумнаш хІаллак а еш.

***Кунта-Хьаьжин хьехамаш***

## В РАМКАХ ДУХОВНО-ВОСПИТАТЕЛЬНОЙ РАБОТЫ



ЧР Салах-Хаджи Межиев встретился с новой группой движения «Ахмат». Муфтий рассказал собравшимся об основах мазхаба, тариката и вирда. Он отметил, что эти термины являются неотъемлемой частью чистого Ислама. Богослов приводил в качестве неопровержимых доводов слова из Корана и хадисы Пророка Мухаммада (да благословит его Аллах и приветствует). Салах-Хаджи также рассказал о заблуждениях ваххабитов, последователей лжеидеологии пса Ада ибн Абд аль-Ваххаба, которые пытаются осквернить чистый Ислам в глазах подрастающего поколения, тем самым внося смуту в общество мусульман. Он также отметил, что борьба против данного заблудшего течения должна вестись активнее и активисты общественных организаций обязаны принимать в этом участие.

«Ваххабизм полностью противоречит истинному Исламу, и во все периоды истории влек за собой лишь политические, экономические и моральные потрясения для мусульман», – отметил Салах-Хаджи Межиев.

***Пресс-служба ДУМ ЧР***

## АБУ ХІУРАЙРИНА ІИЛМА ДЕЗАР

Шена санна, массарна а Іилма хІунда ца деза те олий хеташ хилла Абу ХІурайрина.

Цкъа базарна тІехволуш, адамийн гІовгІа а, девнаш а, дуьненан хьашташа уьш дукха дІалацар а ца лайначу Абу ХІурайрас аьлла:

– Ма миска ду-кх шу, хІай, нах!

Цара хаьттина:

– Стенгахь го хьуна тхан мискалла, ва Абу ХІурайра?

Цо жоп делла:

– Доькъуш Мухьаммадан хьал ду, ткъа шу кхузахь хІара гІовгІа еш ду. Шайн дакъа схьа хІунда ца оьцу аша?

– Стенгахь доькъуш ду и?

– Маьждигехь ду, – жоп делла Абу ХІурайрас.

Нах маьждиге сихбелла, ткъа Абу ХІурайра уьш юхабаххкалц сецна. Дукха сиха юхабирзина маьждиге баханарш.

– Ва Абу ХІурайра, тхуна ма ца ги маьждигехь доькъуш цхьа а хьал, – бехк баьккхина цара.

Абу ХІурайрас хаьттина:

– Цхьа а ца гира шуна цигахь?

– Цхьаберш ламазаш деш, вуьйш Къуръан доьшуш, бисинарш Дела хьехош нах-м бара цигахь, – жоп делла цара.

– Мисканаш, мисканаш! – мохь баьлла Абу ХІурайре. – И ду-кх и Мухьаммадан хьал.

***Гочдинарг – Петирова ПетІамат***

## БОЛЬШЕВИКИ И АЛИ МИТАЕВ

*Достаточно мне было выйти с идеей проведения съезда, как тут же последовало трогательное единение взглядов до сих пор не очень-то симпатизировавших друг другу двух лидеров – Гикало и Зязикова. По наивности, я имел неосторожность посвятить в свои планы последнего. Для него-то, в конце концов, не все же равно, какое будущее ожидает чеченцев и ингушей. Последовавшая реакция сначала привела меня в состояние растерянности, однако, по глубокому размышлению я понял: в графе о национальной принадлежности они разные, а по сути как два родных брата, действующих только из корыстных соображений.*

*Более чем уверен, что Зязиков не станет опубликовать в той же газете или использовать по другому назначению письмо, направленное им в мой адрес. Не желая вступать с ним в словесные перепалки, ради констатации факта могу сказать: напрасны попытки Зязикова и других связать мое имя с руководством Горского правительства. Если в годы гражданской войны Гикало ошивался в глубоком тылу – в шатойских горах, то Зязиков не причастен ни к чему, никто из нас не знал о самом его существовании. И вот этот новоявленный благодетель наших народов начинает уличать меня в прямых связях с Коцевым, Чермоевым и Джабагиевым. Да, в 1919 году, когда деникинская армия вторглась в Чечню, я ездил в Темир-Хан-Шуру, выхлопотал у Горского правительства небольшое количество оружия (скорострельные орудия, пулеметы и 2 миллиона патронов), привез его и раздал по аулам, и оно сослужило добрую службу в перемалывании белой армады. Если бы подобная акция была осуществлена Зязиковым в компании с Гикало, то они бы трезвонили об этом на каждом углу, наподобие астраханских денег, доставленных в Шатой. Кстати, операция, осуществленная опять-таки простыми чеченцами.*

*(Начало и конец читайте на стр.3)*



**АПСТ-ХЬАЬЖИН (АБАСТ) ЗЕРАТ** – Зандакъарчу ГІеза-Хьаьжин мурд лаьттинчу Апст-Хьаьжин зерат ду Курчалойн кІоштарчу Іаларой-Эвлахь. Ойсхара боьдучу некъаца долчу кешнашкахь ду и.

Накъшбандин тІарикъатІан зІе хилла Апст-Хьаьжас схьайохьург.

Назир-Хьаьжин кІант ву Апст-Хьаьжа.

## ТАХАНА ЛОЬМАРЕХЬ

2-гІа агІо

### Разрушение семьи и воспрепятствование браку

«Много семей в наше время распадается по совсем незначительным причинам. Супруги обвиняют друг друга и обычно не подозревают, что есть третья сторона, очень заинтересованная в разводе, – это шайтан. Он может действовать по своей инициативе, из-за любви к одному из супругов или ненависти и мести, или по заказу колдуна, к которому обратились люди, скорее нелюди, с просьбой разрушить семью...»

2-гІа агІо

### Бехк арара схьабеана ца лору цо...

«Имам ГІазалис дуьххьара цкъа шена тІера дІадолийна нисдаран гІуллакх, цкъа ша нисвина цо, тІаккха кхечарна хьехар а дина цо...»

4-гІа агІо

### Сингаттаме ма хила хьо...

«Са ма гатде ахь... Іаьржа мархаш дІаса муха яьржа ца гина хьуна?! Бодане буьйса дІа муха йолу ца гина хьуна?! Марсабаьлла хьоькху мох дІа муха тоь ца гина хьуна?!.»

Лараме газетдешархой! ХІокху газет тІехь язйина АллахІан еза цІерш а, Къуръанан аяташ а ду. Газетан редакцино дехар до хІара газет лардеш лелор, миччанхьа а охьацакххиссар

# НАХА ХОЬТТУ – ХОЖ-АХЬМАД-ХЬАЬЖАС ЖОЬПАШ ЛО

**Могаш воцуш ву ша, охьа а вужий, наха сецош, дог лозуш цамгар ю шегахь. Ша хIун дан деза? Шега хIун эр дара ахь?**

Дала бусалба нахана дарба лаха бакъо елла, халкъа юкъара Дала Шен говзанчаш Iамийтина, лоьраш аьлла цIе а йолуш, халкъа юкъа бахкийтина. Оцу лоьрашкара дарба лаха деза цамгар йолуш волчу стага. Делахь а ас дIа ца доккху Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) дош: «Къуръанаца шайн догIмашна дарба лахалаш», аьлла долу. Амма хууш волчуьнга, лоьрийн Iилма Iамийна волчуьнга оцу Iилманца бахьанаш а лелош, ерриге а паргIато а, маршалла а Делера юй хууш, Деле шен болх а буьллуш, дарба лоьрашкара лаха деза. И лоьраш бу шуна, шайн болх Деле а биллина, и дарбанаш лелош. Амма шен ницкъ кхочуш волчу стага Айатул-курси а доьшуш, иза ца хууш велахь, Фатихьат доьшуш, шен лозуш йолчу метте куьг хьоккхуш, Веза Дела, дарба Хьоьгахь ду-кх аьлла, оцу къонахчо дарба лехча, цунна дарба хир ду, Дала мукъ лахь.

**Москва вахана волуш хотталахь Iуьллуш хIоз карийнера шена, и дIабала аьтто боцуш цIа беанера ша, хIинца и шегахь болуш са ца тоь шен, цунна хIун дан деза, бохуш хоьтту.**

Оцу кепара шена карийна йолу хIума, бусалба нах болчохь карийнехь, кхузза кхайкхо еза, да ваьлча, цунах дIатоха еза. Нагахь санна керста нах болчохь карийна, шегахь йиса ца лаахь, бусалба нах болчохь сагIийна яла еза, йолчу дена тIера сагIийна ло аьлла нийят а дина.

**Хьонка я сарамсекх биъча, шовзткъа дийнахь-бусий еш йолу Iамал дIаязъян малик улле догIур дац, и биъна а волуш лахь а, халонаш хир ю бохуш дуьйцу, цунах лаьцна хIун эр дара ахь?**

И хIуманаш цахуучара дуьйцуш ду. Хьонка а, сарамсекх а, хох а Дала схьабелла кхача бу, баа мегаш а бу. Ша суьпа а ваьлла, шен дегIана таIзар дийр ду аьлла Iаш верг, нах а ца хьийзош Iад Iен веза, шена хетарг а ца дуьйцуш. Бакъду, лан хала йолу хьожа а эцна маьждиге а, нах вовшах кхетаче а вахар дика дац, шех долучу зенах нах ларбаран Iалашонца ду иза. Дала лардойла вай Дала хьанал йинарг хьарам ечух.

**Ша малар дукхуш ву ларекехь, боху цхьамма. И малар ша ца дохка гIоьртича, шен дас-нанас, вайна кхин рицкъа тIедан агIо а яц, хIумма а дац бохуш, сецаво. Шена къа хир дуй, боху, дас-нанас бохучунна тIера ваьлча?**

Маггане а мегар дац малар дохка. Дас-нанас динехь бехкам болу хIума де бохуш тIетеIош делахь, вайга муьтIахь хила ца боху. И малар дохкар шен кхетамца нийса доций а хиъна, стаг сецна хилча, шен ницкъ кхачахь, шен дай-наний а кхето хьажа веза. Кхето ницкъ ца кхачахь, цу тIехь муьтIахь хилар декхар дац.

**Къона волуш дуьйна туьканахь болх бина ву ша. Болх бечу хенахь терза узуш ледарло ца йолуш хилла хир дац. ХIинца цу декъехь ша хIун дан деза бохуш хоьтту.**

Дала боху: «ХIай Делан лайш, шайн догIмаш тIехь исрап динарш, Дала омра динарг даза дисинарш, ма де аьлларг шайгара даьлларш, аша дог ма дуьллийла Делан къинхетамах, баккъал а, Дела дерриге а къиношна гечдеш ву шуна. И вониг кхин дийр доцуш шу дохкодевлча, шун къиношна гечдийр долуш ву шуна Ша». Хьажал, туьканахь болх беш нехан хьакъ шех хьаьрчиний-те аьлла, шекволчо хьенан ду шена хууш делахь, и хьакъ дIадала деза. Хьенан ду а ца хууш, шеконаш елахь, ша диначунна дохко а ваьлла, шех хьакъ хьаьрчинчу нахах Дала къинхетам бойла аьлла сагIина хIума яла еза. ТIаккха Дала цунна гечдийр ду. Дала гечдинчех дойла вай!

# РАЗРУШЕНИЕ СЕМЬИ И ВОСПРЕПЯТСТВОВАНИЕ БРАКУ

Создание семьи – дело богоугодное: «Из знамений Его милости – то, что Он создал для вас (мужчин) жен того же человеческого рода, чтобы вы находили в них успокоение, и установил между вами узы любви и сострадания. В этом – явное знамение для тех, кто размышляет о творении Аллаха Всевышнего». (Ар-Рум, 21)

Бракосочетание по закону Аллаха – это сунна (обычай) Его посланников: «...Мы посылали и до тебя посланников, и у них были супруги и потомство...». (Ар-Ра‘д, 38)

Супружество оберегает верующих от незаконных сношений и запретных взоров, сохраняет их целомудрие. А все, что одобряется в Исламе, ненавистно шайтану, он призывает своих последователей к куфру (неверию) и разврату. Одним из видов колдовства (разлучение, привораживание, слуховые и зрительные галлюцинации, помешательство, депрессия, болезнь, лишение мужской силы, кровотечения неменструального характера у женщин, воспрепятствование браку и т.д.) является разобщение близких людей: детей с родителями, друзей, компаньонов в бизнесе или мужа с женой. Разлучение мужа с женой – это самый распространенный и самый зловредный вид колдовства не только для семьи, но и для всего общества. Основным доказательством существования этого вида колдовства является 102-й аят суры «Аль-Бакара» Священного Корана, где говорится: «…Но те с сатанинскими качествами переняли только зло и учили людей, как и чем разлучить мужа с женой и другим подобным делам…».

Много семей в наше время распадается по совсем незначительным причинам. Супруги обвиняют друг друга и обычно не подозревают, что есть третья сторона, очень заинтересованная в разводе, – это шайтан. Он может действовать по своей инициативе, из-за любви к одному из супругов или ненависти и мести, или по заказу колдуна, к которому обратились люди, скорее нелюди, с просьбой разрушить семью. Джинны могут вселяться в человека по одному и даже семьями. Они могут воздействовать на того, в кого вселились, и на окружающих его людей. При исполнении заказа на развод, по мнению некоторых специалистов, обычно работают три джинна: один вселяется в мужчину, другой – в женщину, а третий отвечает за сохранность заколдованного предмета (магический подклад). Их мерзкая деятельность приводит супругов к постоянным ссорам, к резкому изменению их чувств, от любви – к ненависти, они не могут терпеть присутствие друг друга, тем более слышать голос, он их раздражает, приводит в ярость, мужчина видит жену безобразной, даже если она красавица, а женщина видит мужа устрашающим, способным расправиться с ней. Друг другу супруги говорят самые язвительные слова, даже если сами внутренне не согласны с тем, что говорят. И, осознавая свою неправоту, никогда не просят прощения. Их жизнь протекает как в тумане, они не владеют собой. А итогом всего этого, к великому сожалению, является развод. Это все проделки шайтана, врага Аллаха и верующих.

Также колдуны и джинны объединяют свои силы для воспрепятствования браку, созданию семьи по законам Всевышнего. Коварный завистник, скорее завистница, обращается к мерзкому колдуну с просьбой, чтобы тот воспрепятствовал замужеству той, или женитьбе того, кто вызвал их гнев. Колдун, после того как ему по его просьбе принесут что-нибудь из вещей предполагаемой жертвы, совершает свое грязное дело, колдует. Затем направляет к нему одного или несколько из подвластных ему джиннов, которые неразлучно сопровождают выбранную цель, выжидая удобного момента, чтобы вселиться. Состояния человека, в которых джин легко может в него вселиться, – это сильный страх, сильный гнев, крайняя беспечность или всецелая преданность похоти. Эти состояния считаются благоприятными для шайтана, потому что в них человек далек от упоминания имени Всевышнего, далек от зикра. А попытка вселиться в человека во время упоминания им Аллаха для джинна является смертельно опасным занятием. В этом случае он может сгореть. В Коране сказано: «О, вы, которые уверовали! Упоминайте Аллаха часто». (Аль-Ахзаб, 41) Т.е. всегда и во всем следует упоминать Всевышнего, потому что человек всегда нуждается в Его помощи, милости и защите. Если джинну удается вселиться, он внушает девушке тесноту в груди, неприязнь ко всем, кто бы к ней ни посватался, заставляет отвергать всех. А если ему не удается вселиться, то он воздействует снаружи, внушает ее женихам, что девушка отвратительная, непристойная. Они все, если не после первой встречи, то через несколько дней, отказываются от своих намерений жениться. Мужчина, пораженный этим видом колдовства, после того, как переступает порог дома девушки, тоже чувствует сильную сдавленность в груди, жизнь в его глазах блекнет, как будто его пожизненно заключили в тюрьму. Все это происходит по внушению шайтана.

***Специалист исламской медицины С. Муртазаев***

# БЕХК АРАРА СХЬАБЕАНА ЦА ЛОРУ ЦО...

Имам ГIазалис шена хIиттийна йолу бакъонаш, хьал нисдеш цо лаьцна болу некъ иштта хилла:

Хьалхара бакъо: бусалба уммат хIокху дуьнентIехь хиларан коьрта бахьана – массо Iаламе бусалба дин дIакхачор ду. Ткъа бусалба наха Дала шайна тIедожийна долу и гIуллакх Iаддитар бахьана долуш, хIокху дуьнентIехь бохамаш а, питанаш а даьржина. Бусалба нах а, кхиберш а, и бохамаш а, питанаш а бахьана долуш хIаллакьхила буьйлабелла.

ШолгIа бакъо: бусалба наха бусалба дин нахе дIакхачо дезаш хилча, бусалба нах, иза дIа ца кхачош, хевшина Iаш хилча, билгалдаха деза цуьнан бахьанаш, Дала шайна тIедиллинарг цара кхочуш цадаран бахьанаш. Бусалба нахана юкъара кхачамбацарш билгалдаха деза.

КхоалгIа бакъо: И бахьанаш билгалдаха дезаш хилча, уьш билгалдахаран коьрта Iалашо уьш довза а девзина, уьш талла а теллина, тIаккха царна дарба лахар хила деза. Ма-дарра и бахьанаш довза а девзина, тIаккха уьш нисдаран агIонаш каро еза, дарбанаш каро деза, вовшийн цIераш а етташ, вовшийн бехкаш а дохуш Iадда а ца Iаш.

Имам ГIазалис, Уммат дендарехь шена хьалха хIоттийна болу некъ иштта хилар бахьана долуш, цуьнан жайнаш юкъахь коьрта кхо хIума карадо вайна:

1 – Арахьарчу мостагIца тIом бар ца кхайкхадо цо, я цара лелош йолу къизаллаш а ца хьехайо цо, я коьрта Iалашо арахьара мостагI хила веза а ца олу цо.

2 – Дукххаьдолу хаттарш бусалба нахана юкъахь хуьлу цуьнан. Бехк арара схьабеана ца лору цо, бехк шашен лору цо, бусалба нехан шайн лору цо, хIунда аьлча, и арара тIебеана болу бала чоьхьара гIийлалла бахьана долуш болу дела, ткъа бусалба нах гIийла ца хиллехьара, царна юкъахь «цамгарш» ца хиллехьара, Дала шайна тIедиллинарг цара чекхдоккхуш хиллехьара и арара бала царна тIехь сецна хилла хир бацара.

3 – Цо уггар а хьалха юьхьаралаьцнарг – кхетамаш нисбар ду, хьекъалш нисдар ду, синош нисдар ду. Политикан агIонна тIера а ца волавелла иза, я герзаца йолчу агIонна тIера а ца волавелла иза. Цо иштта агIо лаьцна хилла, шена шен шина бIаьргаца гина долу дела, политкин агIонца дIадолийна долу нисдар хилла пайда боцуш дIа муха дайна. Ткъа Имам ГIазалис иштта дIадолор, бусалба динан баххех уггаре а коьрта бух бу, Къуръано бовзийтина, Элчано (Делера салават а, салам а хуьлда цунна) шена тIехь чекхбаьккхина бух бу. Лекхаволчу АллахIа аьлла: «Бакъдолуш, АллахIа ца хуьйцу цхьана адамийн хьал, цара шаьш шайн хьал хийццалц».

Имам ГIазалис дуьххьара цкъа шена тIера дIадолийна нисдаран гIуллакх, цкъа ша нисвина цо, тIаккха кхечарна хьехар а дина цо.

***Адаман Султанан Олхазар***

# РАЗОБРАТЬСЯ ВО ВЗГЛЯДАХ...

Сегодня – век информации. Масштаб этой информации огромен, особенно в сети интернет, откуда в большинстве своем молодежь берет информацию. Откуда такая слепая доверчивость? Откуда такого рода заблуждения относительно своей религии и непризнания религии и убеждений старшего поколения? Кто прав и кто ошибается? Постараемся разобрать этот вопрос в этой статье.

Псевдорелигиозные секты, проповедующие так называемый «чистый Ислам», где приверженец только и делает, что ждет и надеется на смерть, не являет собой симпатию, а скорее, наоборот, является отталкивающим от Истинного Ислама для приверженцев иной веры, которые могли бы стать новыми братьями и сестрами Уммы Пророка Мухаммада (да пребудет над ним Мир и Благословение Всевышнего Аллаха). Весьма сомнительно, что Последний Пророк пришел именно с такой религией вражды и постоянного осуждения своих единоверцев или даже людей иной веры. Эта мысль должна быть достаточным аргументом, чтобы не стать в ряды жестоких «спасителей веры», методы борьбы которых – взрывы, теракты, убийства мирных жителей. Дабы самому просветиться в этих вопросах и как-то содействовать в избавлении от этой ереси, я стал проводить некоторые исследования, посещал тренинги ведущих экспертов в области психологии, которые работают с такой проблемой как экстремизм и терроризм, читал труды профессоров религиоведов и изучал свою религию. Хочу поделиться некоторыми полученными знаниями.

Тренинг Евгения Леонидовича Доценко – признанного эксперта психологии, помог мне как-то пролить свет на способы психологического сопротивления экстремизму. Евгений Леонидович разбирался в психологии человека и составил для слушателей алгоритм действий, чтобы вывести человека из капкана экстремистского влияния.

Экстремизм – пропаганда и использование крайних средств, для достижения своих целей.

Для каждого человека можно найти свои предпосылки, чтобы вербовать его. Но основные причины, почему человек поддается, были озвучены на тренинге.

Это были:

-Незнание истинных основ религии;

-Неудовлетворенность качеством жизни, да и жизнью вообще;

-Душевная пустота;

-Отсутствие интересов, хобби;

-Лень;

-Отсутствие критического мышления (усвоение информации без подтверждения ее достоверности);

-Отсутствие позитивизма.

При разговоре с человеком, который хочет вас завербовать, предпочтительнее, по словам Евгения Леонидовича Доценко:

-Осторожно, в косвенных падежах признавать различия;

-Подчеркивать сходство в других планах (человеческом, моральном, правовом), выводя общение на плоскость обсуждения, а не противоборства;

-Оценивать не качества людей или социальных групп, а лишь их определенное поведение (это позволит обсуждать предмет спора, а не качества сторон);

-Использовать объединительные конструкции (мы, вместе и т.д.)

-Нельзя прямо соглашаться с утверждениями;

-Необходимо задавать вопросы, требовать обоснования утверждений.

Как говорит профессор, в психологии общения с людьми, выделяются своего рода «кнопки» на теле души человека. Они есть у всех. Есть черные кнопки, а есть белые. Для вербовщика существуют только черные кнопки. Это такие качества как злость, обида, ненависть, неприязнь, месть, желание авторитета и т.д. Поочередно и по нескольку раз нажимая на эти кнопки, из человека делают запутавшегося, желающего всем, в том числе, и себе смерти так называемого «праведника». Для решения данной проблемы, стоит призывать человека к миру и добру, радости и жизни, благодарности Всевышнему за жизнь. То есть, нажимать на его «белые кнопки». Задача состоит в том, чтобы найти эти «кнопки» и «нажимать», чтобы человек начал путь созидания и развития. Нельзя поддаваться влиянию тех, кто хочет взять вас на негатив. Помните, все что разделят, сеет вражду и ненависть, и поэтому, без сомнений, нужно этого сторониться. Это ведет к проблемам, разрушению, конфликтам.

Ислам – религия мира. Этот главный атрибут веры сегодня некоторые группы хотят дискредитировать. Создавая локальные горячие точки, совершая преступления от имени Всевышнего, они добиваются того, что современное общество в большинстве своем признают Ислам религией терроризма. Это не новость. Эта картина берет свое начало еще с 1980-х, когда холодной войне нужна была замена. Но это уже другая история, из сферы политики.

Мы должны признать, что картина в реале более оптимистична, чем в телевизионных новостях. Растет число мусульман на всем земном шаре. Люди принимают Ислам даже в африканских бедных странах, где люди еще ходят с копьями и танцуют у костра. Истина везде принимается одинаково. Есть на земле умные люди, которые не верят и не поверят, что Ислам – религия терроризма. Марат Иорданов, исследователь религиозных учений, в своей книге «Сакральные тайны Ислама», пишет, что Коран призывает к войне лишь с теми, кто воюет с муъминами.

Существуют две крайние точки в сегодняшней обстановке в мире. Одна призывает к вражде с мусульманами, считая их за террористов. Другая точка, наоборот, представляет всех людей иной веры, а иногда и своей собственной, неверными и призывает к вражде с ними. Эти две колокольни бьются по сегодняшний день, лишая жизни ни в чем не повинных людей. Это метод травли. И стравить можно лишь глупого. Получается тогда, что вся проблема в невежестве, не зря ведь первым словом, в первом аяте, ниспосланным Всевышним на землю, является слово «читай».

Пусть Всевышний образумит нас всех, и поставит на прямой путь!.

***Сурхо Сугаипов***

*В глубь истории*



**В УСЛОВИЯХ СТАНОВЛЕНИЯ СОВЕТСКОЙ ВЛАСТИ КАРЬЕРИСТ ГИКАЛО МОГ ДОСТИГНУТЬ НОВУЮ ВЫСОТУ ВЛАСТИ ТОЛЬКО ЛИШЬ «УСПЕХАМИ НА ТРУДОВОМ ФРОНТЕ». А ДЛЯ ЭТОГО СУЩЕСТВОВАЛ ТОЛЬКО ОДИН СПОСОБ – БЕСПОЩАДНОЕ ЭКОНОМИЧЕСКОЕ УГНЕТЕНИЕ ЧЕЧЕНСКОГО КРЕСТЬЯНСТВА. ГИКАЛО ТРЕБОВАЛ В КАЗНУ СОВЕТСКОЙ ВЛАСТИ НЕПОМЕРНЫЙ ПРОДНАЛОГ. ПРОТИВ ЭТОЙ ПОЛИТИКИ ОБИРАНИЯ КРЕСТЬЯНСТВА ВЫСТУПАЛ АЛИ МИТАЕВ. В ГАЗЕТЕ «НЕФТЕРАБОЧИЙ» ПРОТИВ НЕГО БЫЛА НАПЕЧАТАНА СТАТЬЯ, В КОТОРОЙ ОН ОБВИНЯЕТСЯ В АНТИСОВЕТСКОЙ ДЕЯТЕЛЬНОСТИ. В ОТВЕТ НА ЭТУ ПУБЛИКАЦИЮ АЛИ МИТАЕВ ПИШЕТ ПИСЬМО-ОБРАЩЕНИЕ: «ВСЕМ РУССКИМ ОРГАНИЗАЦИЯМ», ГДЕ ОН ОПИСЫВАЕТ ВОЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЕ СОБЫТИЯ ТОГО ПЕРИОДА, А ТАКЖЕ СВОИ ДЕЙСТВИЯ, НАПРАВЛЕННЫЕ НА СОХРАНЕНИЕ МИРА И СТАБИЛЬНОСТИ В РЕГИОНЕ С ЦЕЛЬЮ УБЕРЕЧЬ НАРОД ОТ ВТЯГИВАНИЯ В ОЧЕРЕДНУЮ АВАНТЮРУ КАК ВНУТРЕННИМ, ТАК И ВНЕШНИМ ВРАГОМ. ПОИСТИНЕ, ЭТО ЦЕННЫЙ ДОКУМЕНТ, ОТКРЫВАЮЩИЙ ДЛЯ НАС НОВУЮ СТРАНИЦУ В ИСТОРИИ ЧЕЧНИ. БЕЗ ИЗМЕНЕНИЯ АВТОРСКОГО СТИЛЯ ПРИВОЖУ ТЕКСТ ЭТОГО ПИСЬМА:**

# БОЛЬШЕВИКИ И АЛИ МИТАЕВ

*«Газетой «Нефтерабочий» я объявлен авантюристом. Причиной чему явилось следующее. По приглашению некоторых мулл плоскостной Чечни я ездил в Шали, где в помещении военного клуба в присутствии военкома полка и представителя местной власти, имел с муллами переговоры об учреждении шариатского суда, на что имеется и разрешение центральной власти РСФСР.*

*Предрайком и муллы обосновали необходимость учреждения означенного суда на том основании, что не каждый мусульманин есть праведник, поскольку он не подчиняется суду шариата.*

*Суд, было решено, учредить на средства населения. Я, как правоверный мусульманин, приняв их предложение, пожертвовал на это 50 пудов хлеба и взял на себя добровольное обязательство заняться сбором пожертвований, с тем, однако, что суд будет истинно шариатским. Я внес также предложение, чтобы выплаты старых долгов производились по новому курсу рубля, с чем муллы также согласились. Не встретил с их стороны возражения и другой мой тезис, а именно: вести дела по примеру Пророка Магомеда, что вполне соответствует требованиям Советской власти.*

*По Чечне быстро распространился слух, что повсюду вводятся нормы Шариата. При этом люди знающие восприняли это с полным одобрением, вторая категория людей безапелляционно, в меру своей подготовленности (в политическом смысле), стала заявлять, что поскольку учрежден Шариат, никаких других правовых форм культивироваться не будет, а третьи – вообще против введения мусульманского права. Мои недоброжелатели поспешили распространить слух, что «Митаев вкупе с Нажмудином (Гоцинский) и турками осуществили давно лелеявшую мечту о захвате власти, и что скоро придут османы, и будут править Чечней». Нетрудно догадаться, каких целей добиваются авторы подобных инсинуаций,* **их отравленные стрелы направлены против меня.** *Прискорбно, что газета пошла на поводу у таких предателей чеченского народа. Никаких связей с теми политагентами и другими лицами, недружественно настроенными к Советской власти, я не имел, и иметь не желаю. Если же кому-то неймется, или кому-то хочется меня скомпрометировать, то пусть приведут уличающие меня в чем-то предосудительные факты.*

